

Entegrasyon ak Lòt Pwogram

Lekòl Primè Chipman se yon Sant Judy ki vle bay sèvis konplè nan kominote a. Nou genyen anpil patnè nan kominote a ki enkli sa yo ki nome anba, men se pa sa yo sèlman: Baxter Enterprises, Wicomico Presbyterian Church, Maryland Food Bank, Farms to Schools Produce, Wicomico County Bookmobile, Junior Achievement epi nou se yon Lekòl nan Devlopman Pwofesyonèl pou Inivèsite Salisbury.



Aktivite an Lè pou Angajman Paran:

Chipman ofri aktivite sa yo:

- De (2) Nwit Fanmi chak ane
- Yon Sant Resous pou Paran
- De (2) Atelye Estrateji pou Paran ki baze sou ankèt entere paran
- De (2) reyinyon Konsèy Paran
- Kontra Lakay/Lekòl

Nwit Fanmi nan Matematik ak Lekti

De fwa chak ane, pwofesè Chipman yo fè yon nwit fanmi nan matematik ak lekti pou tout elèv ak paran yo. Bi nwit fanmi yo se pou ranfòse ladrès ke y ap anseye nan klas yo kounye a. Yo itilize Ankèt Entere Fanmi yo pou enfòme desizyon konsènan dat, lè, ak sijè ki pral diskite. Yo reyalize sa pa itilizasyon teknoloji, jwet, manipilatif, ak patisipasyon fanmi. Yo pral bay chak fanmi yon sache materyèl pou ale lakay avè l pou kontinye ede pitit yo a fè ladrès yo te moutre yo pi byen toujou. Anplis, yo pral sèvi yon dine lejè. Si genyen bezwen, ap genyen transpò ak entèprèt.



Bay Asistans ak Fòmasyon

Paran ki genyen elèv nan pwogram Title I resevwa enfòmasyon alè ak opòtinite pou angaje fanmi an. Nou pataje bagay sa yo ak fanmi yo: enfòmasyon konsènan Maryland College and Career Readiness Standards, nivo konpetans nou espere pou elèv yo, ak yon eksplikasyon rezilta yo pou elèv ak lekòl la. Nou kapab pataje enfòmasyon sa nan Nwit "Back to School", Reyinyon Oryantasyon Title I, ak Reyinyon Konsèy Paran. Paran yo pral genyen opòtinite pou patisipe nan reyinyon regilyè ki relate ak edikasyon pitit yo. Si fanmi a genyen enkyetid oubyen komantè, li kapab ekri l epi soumèt li oubyen li kapab pale ak yon administrate oubyen pwofesè pitit li.



Asire Aksè

Plan Amelyorasyon pou Lekòl Primè Chipman disponib pou fanmi yo gade l. Plan sa a enkòpore 10 pati pwogram Title I pou lekòl la ak bi enstriksyonèl, bi prezans, ak bi pwogram nan pou lekòl la. Plan sa a disponib pou revizyon nan www.wcboe.org. Fanmi yo kapab soumèt keksyon oubyen komantè ak Direktris la oubyen Prezidan Lidèchip Enstriksyonèl la.

Bwochi Plan Angajman Fanmi an pou Lekòl Chipman disponib an Angle ak Panyòl. Lòt resous ou kapab jwenn, si ou mande, se entèprèt, kopi ak lèt laj, ak transpò.

Lekòl Primè Charles H. Chipman



Title I Plan Angajman Fanmi 2018-2019

Antionette Perry
Direktris

Alexan Dargan
Asistan Direktris



711 Lake St.
Salisbury, MD 21801

410-677-5814

www.wcboe.org/schools/ces/

Reyinyon Konsèy Paran (PAC)



Reyinyon Konsèy Paran pou Title I nan Lekòl Primè Chipman fèt de fwa chak ane nan lekòl la. Nou envite paran, manm estaf la, ak administrasyon an. Men ki sijè nou diskite epi revize nan reyinyon PAC yo: Plan Angajman Fanmi pou Title I, Bidjè pou Angajman Paran, enfòmasyon elèv, Maryland Career and College Readiness Standards, evalyasyon pou leta ak lokal, kontra lekòl fanmi ak aktivite angajman fanmi. Paran yo kapab bay ide sou devlopman pwofesyonèl pwofesè yo nan fason li relate ak kominote a ak angajman paran. Nou distribye kontra ak bwochi yo premye semenn lekòl la. Manm fanmi yo konplete fòm yo epi bay ide sou plan angajman fanmi ak kontra.



Kowòdinasyon ak Sipò

Se Sipèvizè Title I ak sipò Spesyalis Angajman Fanmi an ki reskonsab kowòdinasyon pwogram nan ak asistans teknik pou Lekòl Primè Chipman. Yo pral planifye epi egzekite aktivite Angajman Fanmi yo nan yon fason efikas. Estaf Lekòl Primè Chipman bay ide, òganize materyèl yo, pataje resous, epi rankontre regilyèman ak PAC pandan ane a.

Wicomico County Board of Education rekonèt ke paran yo se premye pwofesè timoun yo epi ke paran yo fonksyone kòm edikatè pandan tout lavi timoun yo. Pliske trant ane rechèch moutre ke siksè akademik elèv la ak yon amou-pwòp ki wo mache ansanm ak angajman paran nan edikasyon kòmanse nan pre-kindergarten rive nan lekòl segondè. Lekòl Primè Chipman kwè ke edikasyon timoun nou se yon reskonsabilite ki pataje. Angajman lekòl la, fanmi an, ak kominote a kreye yon sistèm edikasyonèl ki fò epi li amelyore kalite lavi elèv li yo, fanmi yo, ak tout kominote a nan Wicomico County. Sistèm lekòl la, ansanm ak lekòl endividyèlman, angaje yo pou etabli pwogram ak pratik ki kreye yon klima de konfyans youn pou lòt epi respè ki sipòte yon angajman fanmi ki solid.



Jounen pou ede nan Kominote a

Nou chwazi kèk elèv nan premye ane ki moutre yo genyen kapasite pou lidèchip. Yo menm ansanm ak paran yo genyen chans pou patisipe nan yon jounen ki pou ale nan kominote a. Patisipan yo genyen opòtinite pou ale wè woutin anpil biznis nan Wicomico County. Genyen opòtinite pou fè konesans ak Majistra, Jij Sikwi Tribinal la, epi vizite estasyon nouvèl la, WMDT.

Opòtinite pou Volontè

Ankèt Volontè bay lekòl la enfòmasyon konsènan kouman paran kapab vin yon patnè ak lekòl la atravè yon varyete daktivite. Pandan ane a, nou pataje plis opòtinite pou volontè nan bilten nou voye chak mwa, nan reyinyon PTA ak PAC yo epi nan Nwit Fanmi yo. Opòtinite kote paran kapab volontè anba, men gen lòt toujou:

- Volontè nan klas
- Siveyan nan yon jounen
- Aktivite nan PTA
- Otès pandan Semenn American Education
- Patisipan nan Konsèy Paran
- Manm nan Ekip Lidèchip Enstriksyonèl



Ankèt Entere Fanmi

Konsèy paran se yon pati enpòtan nan pwosesis nou pran pou fè desizyon. Akòz de sa, nou mande paran pou konplete yon ankèt entere fanmi. Enfòmasyon nan ankèt sa endike ki sijè ki entere paran yo ak ki lè ki pi bon epi ki jou nan semenn nan ki bi bon pou fè evènman lekòl la.